

Assistive Technology

A FAMILY GUIDE



Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Divizyon pou enstriksyon espesyalize ak sipò elèv

Center for Assistive Technology and Tech Solutions

Corinne Rello-Anselmi, Chanselye adjwen

Prentan 2016

KONTNI

Seksyon I: Entwodiksyon – Objektif gid sa a	2
Seksyon II: Definisyon Assistive Technology (AT)	2
Section III: Evalyasyon bezwen pou AT	3
Wè ki ekipman ak/oswa sèvis AT elèv la bezwen	3
Pwosesis evalyasyon AT – Mande yon evalyasyon	4
Delè pou yo fè pwosesis demand evalyasyon AT a	4
Section IV: Mete rekòmandasyon AT a fòmèlman nan IEP a.....	5
Konsiderasyon AT nan reyinyon IEP.....	5
Pi bon pratik lè y ap ajoute AT nan IEP a	5
Kòman bezwen AT reflekte nan IEP a	6
Seksyon V: Bay ekipman ak sèvis AT ki obligatwa	7
Jwenn ekipman ak sèvis AT ki obligatwa pou pitit ou a.....	7
Trening pou AT.....	7
Posesyon ak itilizasyon ekipman AT.....	7
Pote yon aparèy AT lakay ou.....	7
Antretyen ak reparasyon aparèy AT	7
Seksyon VI: Materyèl pedagogik aksesib <i>Accessible Educational Materials</i> (AEM)	8
Definisyon AEM.....	8
AEM atravè DOE.....	8
Delè pou AEM	8
Seksyon VII: Planifikasyon pou tranzisyon	9
Seksyon VIII: Kesyon moun poze souvan <i>Frequently Asked Questions</i> (FAQ)	9
Ki diferans ki genyen ant AT ki nan yon IEP ak AT ki nan yon 504?	9
Ki diferans ki genyen ant Èd teknoloji <i>Assistive Technology</i> (AT) ak Teknoloji pou enstriksyon <i>Instructional Technology</i> (IT)?.....	9
Seksyon IX: Enfòmasyon pou kontakte DOE	10
Seksyon X: Lwa federal ki gen rapò avèk AT	10
Remak :	11

SEKSYON I: ENTWODIKSYON – OBJEKTIF GID SA A

Objektif Depatman edikasyon se pou asire tout elèv gen aksè nan bonjan kourikoulòm. Tou depan enpak andikap pitit ou a, li ka bezwen teknoloji pou ede li *Assistive Technology* (AT) oswa materyèl edikasyon aksesib *Accessible Educational Materials* (AEM) pou li ka patisipe nan pwogram enstriksyon li an epi atenn objektif akademik li. Ni AT ni AEM ede elèv ki gen andikap anpil gen aksè nan kourikoulòm yo ak travay nan tout potansyèl akademik yo. Objektif gid sa a se pou bay fanmi enfòmasyon sou resous AT ak AEM ki disponib yo ka itilize pou tout elèv ka bay pi bon reziltat posib la sou plan akademik.

SEKSYON II: DEFINISYON ASSISTIVE TECHNOLOGY (AT)

AT se zouti ki nesèsè pou ede elèv jwenn avantaj materyèl enstriksyon yo epi kominike yon fason efikas. AT la pou founi sipò yon elèv ki gen andikap bezwen pou la ka gen aksè nan pwogram edikasyon li. Pi espesifikman, lwa federal edikasyon espesyal pou moun ki gen andikap *Individuals with Disabilities Education Act* (IDEA), founi definisyon legal sa pou yon aparèy AT: “nenpòt bagay, pyès ekipman, oswa yon sistèm pwodui... ke yo itilize pou ogmante, kenbe, oswa amelyore kapasite fonksyonman moun ki gen andikap.”

Ou ka dekri yon bagay AT kòm "teknoloji ba", "teknoloji mwayen" oswa "gwo teknoloji". W ap jwenn kèk egzanp chak tip pi ba a.

- Pami aparèy teknoloji ba yo, ou jwenn slant boards, paper communication boards/cards ak text highlighting.
- Pami aparèy teknoloji mwayen yo, ou jwenn kalkilatri, single switches ak word-processors.
- Pami aparèy gwo teknoloji ou jwenn aparèy dynamic-display augmentative-communication, pwogram speech-to-text oswa konpitè ak aparèy eye-gaze.

IDEA mande pou distri lekòl yo founi AT bay tout elèv ki gen andikap ki bezwen resevwa yon edikasyon lekòl leta apwopriye gratis *Free appropriate public education* (FAPE). Ekip pwogram edikasyon endividyèl la *Individualized Education Program* (IEP) gen responsablite pou wè bezwen endividyèl yon elèv pou AT pou li ka jwenn avantaj pou edikasyon li ak aksè nan kourikoulòm li.

Pou plis enfòmasyon, ale nan [sitwèb AT](#) nou an oswa [Gid referans AT pou elèv ki gen andikap](#)



SECTION III: EVALYASYON BEZWEN POU AT

WÈ KI EKIPAMAN AK/OSWA SÈVIS AT ELÈV LA BEZWEN

Si w santi pitit ou a ka bezwen AT pou ede l gen aksè nan pwogram edikasyon l ak satisfè bezwen edikasyon, kominikasyon ak/oswa anviwònman endividyèl li, donk ou sipoze mande pou lekòl li a mennen yon evalyasyon AT pou li. Ou ka mande yon evalyasyon AT pou pitit ou a nenpòt lè (gade etap pou fè sa nan paj ki vini apre a). Si lekòl la idantifye pitit ou a kòm yon timoun ki bezwen evalyasyon AT, lekòl la ap kòmanse pwosesis la epi kontakte w pou ba yo konsantman w alekri pou yo ka fini evalyasyon an.

Kòm paran oswa responsab elèv la, ou gen dwa mande pou lekòl pitit ou a mennen yon evalyasyon pou wè si li gen yon andikap ak si li elijib pou resevwa sèvis AT. Evalyasyon sa a gratis epi ekip IEP pitit ou a ap revize li pou wè si rekòmandasyon AT a apwopriye. Pitit ou a pa bezwen yon IEP pou yo konsidere li pou AT. Si li pa gen yon IEP deja, lè ou mande pou yo evalye li pou AT a, y ap refere li pou edikasyon espesyal osea 504. Si DOE refize demand ou fè pou yo evalye pitit ou a pou AT, y ap voye yon eksplikasyon alekri pou ou pou fè w konnen pou ki rezon.

Lekòl pitit ou a kapab konsidere tou si At apwopriye pou pitit ou a nan nenpòt moman. Si pitit ou a panse li ka bezwen AT, y ap kontakte w pou mande pèmasyon w pou evalye pitit ou a.



Yon pwofesyonèl oswa yon ekip plizyè pwofesyonèl kalifye ap evalye pitit ou a. Nan kèk ka, sa depann bezwen elèv la ak ekspètiz ki disponib, staff lekòl la ka fè evalyasyon AT a. Nan lòt ka, lekòl la ka mande pou estaf AT DOE nan biwo santral la pou fè evalyasyon. Moun k ap fè evalyasyon AT yo ka se pwofesè salklas kalifye, patolojis langaj, terapè OT, ak terapè PT, avèk tou lòt pwofesyonèl AT. Ou ka chwazi pou bay opinyon w nan pwosesis evalyasyon AT pitit ou a si w vle. Men, piske kòm paran, ou konnen

fòs pitit ou a ak feblès li byen, epi ide ak enkyetid ou genyen fè ou vin yon manm enpòtan ekip IEP pitit ou a.

PWOSIS EVALYASYON AT – MANDE YON EVALYASYON

Pou mande yon evalyasyon AT, suiv etap sa yo:

1. Fè yon demann evalyasyon AT ou ekri alamen oswa tape. Prepare yon lèt ki di w ap mande yon evalyasyon AT pou pitit ou a, epi asire ou mete enfòmasyon sa yo:
 - Dat demand ou a
 - Non pitit ou a
 - Dat nesans pitit ou a
 - Lekòl kote pitit ou a ye a
 - Nèf karaktè ID elèv la (# OSIS), si li disponib
 - Non w ak siyati w
 - Enkyetid ou genyen, ak kisa ki fè ou santi pitit ou a bezwen AT (si w vle)
2. Poste lèt sa a oswa remèt li anpèsòn bay nenpòt nan estaf lekòl sa yo: Sikològ direktèlekòl pitit ou a ye a (Distri 1-32 & Distri 75), oswa reprezantan CSE ou a (Lekòl Charter ak lekòl prive).

Atann ou pral resevwa yon lèt pou mande konsantman w. Lèt sa a ap mande w ofisyèlman pèmèsyon w pou yo fè evalyasyon an (nan espas 15 jou apre ou fin soumèt dlèt ou a). Si pa aza yo pa ta kontakte w pou mande w konsantman w apre 15 jou lè w fin soumèt demand ou a alekri, men kòman ou ka fè suivi:

- Pou lekòl leta (ki pa lekòl charter): Voye yon kopi lèt la ba [Sipèentandan distri lekòl kote pitit ou a ye](#) pou mande yon eksplikasyon.
- Pou tout lòt elèv: Voye yon kopi lèt la ba [Prezidan CSE distri lekòl kote pitit ou a ye](#) pou mande yon eksplikasyon.
- Ou ka mande eksplikasyon tou nan yon imèl ba relatedservices@schools.nyc.gov oswa si w rele 311.

DELÈ POU YO FÈ PWOSIS DEMAND EVALYASYON AT A

DOE fè tout efò pou bay evalyasyon ak sèvis pou elèv pi vit posib. Jan nou di sa pi wo a, y ap kontakte w nan espas 15 jou apre yo fin resevwa demand pou evalyasyon an pou bay konsantman w ofisyèlman. DOE pa ka kòmanse pwosis evalyasyon an avan nou resevwa konsantman w ofisyèlman. Donk, nou ankouraje w pou voye fòm konsantman DOE voye ba ou a retounen pi vit posib.

Dèke DOE resevwa konsantman w lan, Depatman an gen 60 jou kalandriye pou l evalye pitit ou a. Men, si ou mete reta nan pwosis la, delè a ka chanje.

Si DOE pa ta fini yon evalyasyon apre 60 jou kalandriye, w ap resevwa yon lèt otorizasyon pou evalyasyon. Lèt sa a ap eksplike kòman ou ka chwazi yon evalyatè endepandan ki gen lisans apwopriye, ki pa soti nan DOE pou evalye pitit ou a san ou pa peye anyen. Li gen yon lis non, adrès ak nimewo telefòn ajans leta ak ajans prive apwopriye ak resous pwofesyonèl kote ou ka jwenn yon evalyasyon endepandan.

SECTION IV: METE REKÒMANDASYON AT A FÒMÈLMAN NAN IEP A

Aprè yo fin fè evalyasyon an, ekip IEP a rekòmande AT a lè sa apwopriye pou pèmèt yon elèv kapab suiv pwogram enstriksyon li epi satisfè bezwen edikasyon li. Si ekip IEP wè aparèy ak/oswa AT nesèsè, ekip IEP a dwe espesifye sa nan IEP a, pou oblije fòmèlman pou DOE founi aparèy ak sèvis yo.

KONSIDERASYON AT NAN REYINYON IEP

Ekip IEP a dwe konsidere bezwen AT chak elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal. Ekip IEP a bay AT anpil konsiderasyon avan yo etabli objektif edikasyon yon elèv. Konsiderasyon bezwen AT pitit ou a baze sou bezwen edikasyon endividyèl li. Ekip la konsidere elèv la, travay li bezwen reyalize, anviwònman an, nivo rannman elèv la nan moman an, akomodasyon / teknoloji li gen pou moman an ansanm avèk fòs ak andikap elèv la, pou wè si AT nesèsè pou retire baryè ki anpeche elèv la bay rannman.

PI BON PRATIK LÈ Y AP AJOUTE AT NAN IEP A

Ekip IEP a konsidere yon seri eleman nan pwosesis pou pran desizyon pou kreye yon plan AT ki vrèman bon pou elèv la epi ki konsantre sou reyalizasyon travay li avèk siksè ak sou anviwònman ki nesèsè pou li fè sa. Dapre gid bon pratik sa a, pwosesis ekip IEP a sipoze pran an konsiderasyon elèv la, anviwònman li, travay li ak aparèy tankou:

- yon analiz domèn ak aksè nan enstriksyon ki gen rapò avèk elèv la;
- yon revizyon travay pedagogik enpòtan avèk chak domèn aksè enstriksyon apwopriye;
- yon revizyon diferan anviwònman kote elèv la gen pou reyalize travay enpòtan nou pale pi wo yo;
- yon revizyon materyèl regilye salklas, akomodasyon, modifikasyon, ak solisyon AT ki anplas pou moman an, ak yon kalkil pou wè si estrateji sa yo ase pou satisfè bezwen elèv la;
- yon revizyon evalyasyon AT a (si gen yon evalyasyon); ak
- jwenn solisyon potansyèl, tankou AT, si bezwen elèv la poko rezoud.

Yo ankouraje ekip IEP pou itilize lis konsiderasyonAT DOE a lè y ap konsidere AT. Lis la bay yon ankadreman pou konsidere AT ki apwopriye pou elèv tout laj ak tout nivo kapasite, epi li sèvi kòm dokimantasyon pwosedi yo itilize a pou konsidere AT. Li kouvri tout domèn enstriksyon kote yo ka mande AT. Li kouvri tou tout yon seri solisyon AT ki mache ansanm, ansanm avèk materyèl regilye salklas, modifikasyon, ak akomodasyon ki anplas pou moman an pou reponn bezwen elèv la.



Ekip IEP a kapab gade tou gid resous AT a pou idantifye modifikasyon ki ka nesesè pou AT ki anplas pou moman an, akomodasyon, materyèl regilye salklas, ak solisyon AT ki ka anplas oswa pou idantifye modifikasyon, akomodasyon, ak solisyon teknoloji ki ka nesesè pou aplike. Dokiman sa a la pou akonpaye lis konsiderasyon AT a epi li disponib nan <http://tiny.cc/ATResourceGuide>.

KÒMAN BEZWEN AT REFLEKTE NAN IEP A

Si ekip IEP a wè elèv la gen bezwen pou AT, IEP elèv la ap gen enfòmasyon espesifik sou sèvis ak/oswa aparèy AT yo rekòmande a(yo). Nan dokimantasyon yo ap genyen:

- Yon tchèk nan kazye AT nan IEP a pou konfime yo rekòmande AT, ak si wi oswa non yo rekòmande pou elèv la itilize l lakay li; ak
- rekòmandasyon AT byen espesif ak tout jistifikasyon.

AT ka nan lòt seksyon IEP a tou tankou nan:

- nivo rannman elèv la pou moman an *present levels of performance* (PLOP),
- pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande yo;
- lis lokal tèl yo, patisipasyon nan evalyasyon pou tout distri a ak pou eta a; ak
- objektif anyèl ak kritè yo ka mezire.

SEKSYON V: BAY EKIPMAN AK SÈVIS AT KI OBLIGATWA

JWENN EKIPMAN AK SÈVIS AT KI OBLIGATWA POU PITIT OU A

Si li obligatwa pou pitit ou a jwenn AT, DOE ap bay tout ekipman ak/oswa sèvis AT yo rekòmande nan IEP pitit ou sou kont DOE. Jeneralman y ap bay ekipman ak sèvis AT nan lekòl pitit ou a oswa nan CSE. Pou elèv ki resevwa enstriksyon lakay yo, y ap bay sèvis AT lakay yo oswa nan CSE.

TRENING POU AT

DOE ap bay trening lè sa nesèsè pou elèv, pwofesè, lòt administratè lekòl la ak fanmi. Ekip evalyasyon an bay premye trening pou tout estaff ak manm fanmi ki vin nan reyinyon an. Estaf lekòl la gen responsablite pou ede entegre ak itilize aparèy la pandan y ap ba elèv la sipò san rete pou aisre li itilize AT a yon fason efikas.

POSESYON AK ITILIZASYON EKIPMAN AT

Tout aparèy AT DOE bay se DOE ki achte yo epi se DOE ki posede yo. Elèv ki kite sistèm DOE a lè yo gradye oswa si yo transfere nan yon lòt distri ki pa anba DOE, dwe remèt AT yo bay DOE.

Elèv ka itilize AT IEP yo oblije an nan lekòl. Jan nou di sa pi wo a, lè yo espesifye sa nan IEP a, elèv ka pote AT yo pou itilize lakay yo pou gen aksè nan kourikoulòm yo.

POTE YON APARÈY AT LAKAY OU

Ekip IEP a ap wè lè li obligatwa pou yon elèv pote aparèy AT a akay li pou elèv la ka resevwa yon edikasyon leta gratis apwopriye *free appropriate public education* (FAPE). W ap jwenn enfòmasyon sa a nan IEP elèv la nan anba Bezwen elèv la ki gen rapò avèk faktè espesyal. Si ekip IEP a wè pitit ou a bezwen yon aparèy AT lakay li pou li ka gen aksè nan pwòp kourikoulòm li, y ap pèmèt li fè vayevyen ant lakay li avèk lekòl la avèk aparèy yo ba li a.

ANTRETYEN AK REPARASYON APARÈY AT

Se responsablite komen pèsònèl lekòl la, paran ak responsab ak elèv pou yo pran swen aparèy AT a yon fason rezonab. Ekip IEP lekòl pitit ou a responsab pou aranje reparasyon oswa ranplasman aparèy AT ki deranje oswa ki pèdi, ansanm avèk repwograme oswa lòt antretyen ki obligatwa pou pitit ou a ka itilize aparèy yon fason efikas selon IEP a, Si w panse aparèy AT pitit ou a bezwen raplase oswa repare, tanpri kontakte ekip IEP lekòl ou a.

SEKSYON VI: MATERYÈL PEDAGOJIK AKSESIB *ACCESSIBLE EDUCATIONAL MATERIALS (AEM)*

DEFINISYON AEM

AEM se liv ak lòt materyèl enstriksyon yo chanje nan yon fòm pou elèv ki pa ka itilize materyèl enprime regilye kapab itilize. Pami fòm sa yo ou jwenn braille, gwo lèt, tèks odyo ak dijital. (Yo kapab rele bagay sa yo tou materyèl ansèyman aksesib *Accessible Instructional Materials (AIM)*.)



Si pitit ou a avèg, pa wè byen, oswa si li pa kapab itilize materyèl ki enprime, lekòl li dwe evalye pou wè si li bezwen AEM. Si yo jwenn AEM apwopriye pou pitit ou a, donk lekòl li a ap ba li lòt materyèl nan fòm ki aksesib pou li a, menm lè lòt elèv ki nan klas pitit ou a ap resevwa liv ak kaye egzèsis yo.

Pitit ou a ka kalifye pou AEM si li dwe gen menm egzak kontni materyèl enstriksyon yo itilize pou tout kourikoulòm lan, men li bezwen yon fòm espesyalize pou li ka gen aksè nan kontni an.

AEM ATRAVÈ DOE

Si w panse pitit ou a bezwen AEM, ou sipoze kontakte lekòl ou a pou mande pou yo wè bezwen pitit ou ak ki fòm AEM ki ka bon pou li (e.g. braille, gwo lèt, odyo, tèks dijital). Lekòl pitit ou a ka kòmanse pwosesis sa a tou si sa apwopriye. Yo pran desizyon si pitit ou a bezwen AEM lan pandan y ap kreye IEP oswa plan 504 pitit ou a. Si pitit ou a bezwen AT pou li ka sèvi avèk AEM lan (pa egzanp, yon aparèy text-to-speech), y ap konsidere bezwen sa a tou.

Si yo wè pitit ou a bezwen AEM, y ap ba li materyèl yo nan lekòl la sou kont DOE. Fanmi kapab gade tou Bookshare, ki bay kont gratis pou kèk itilizelakay yo. Ale nan [Bookshare.org](https://www.bookshare.org) pou wè si pitit ou a elijib ak pou jwenn lòt enfòmasyon.

DELÈ POU AEM

Elèv ki bezwen AEM dwe resevwa materyèl espesyalize yo nan menm lè lòt elèv ap resevwa materyèl enstriksyon yo. Li ka pran tan pou yo adapte fòm materyèl enstriksyon yo pou fè yo tounen fòm ki aksesib, donk lekòl pitit ou a ap planifye enstriksyon alavans pou pitit ou a ka resevwa AEM li menm lè rès klas la ap resevwa materyèl yo.

SEKSYON VII: PLANIFIKASYON POU TRANZISYON

Si yon elèv bezwen AT epi yo endike AT nan IEP li nan moman l ap gradye, ekip planifikasyon pou tranzisyon an ak fanmi li dwe rankontre nan kòmansman prentan ane elèv la ap gradye a pou yo diskite sou sa. Yo dwe mete tout detay osijè bezwen AT yon elèv byen klè nan pake tranzisyon li pou nenpòt ajans oswa lekòl k ap travay avèk pitit ou a apre gradyasyon kapab genyen enfòmasyon sa a.

Elèv ki resevwa yon eksepsyon Medicaid oswa Medicaid kapab aplike nan Medicaid pou yo jwenn AT ki nesèsè. Anplis, anpil founisè AT ap ede nan pwosesis pou jwenn aparèy yo vann yo.

Ekipman AT elèv DOE bay se pwopriyete DOE yo ye epi elèv la sipoze remèt DOE yo lè li gradye oswa transfere nan yon lòt distri lekòl.

SEKSYON VIII: KESYON MOUN POZE SOUVAN *FREQUENTLY ASKED QUESTIONS*(FAQ)

KI DIFERANS KI GENYEN ANT AT KI NAN YON IEP AK AT KI NAN YON 504?

Se pa tout elèv ki gen andikap ki elijib pou IEP dapre IDEA. Yon elèv ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite l seryezman pou l fè yon aktivite esansyèl pou vi li, elijib pou resevwa akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa reyabilitasyon 1973 la. Ekip 504 la ap rankontre pou wè ki akomodasyon ki apwopriye pou chak elèv dapre tip ak nivo gravite andikap la, pou elèv la kapab patisipe nan lekòl sou yon baz egal avèk elèv parèy li ki pa gen andikap. Depann bezwen endividyèl elèv la, akomodasyon 504 la ka genyen aparèy AT. Pou plis enfòmasyon sou akomodasyon 504, gade Gid akomodasyon 504 pou fanmi an nan <http://tiny.cc/504FAQs>

KI DIFERANS KI GENYEN ANT ÈD TEKNOLOJI *ASSISTIVE TECHNOLOGY* (AT) AK TEKNOLOJI POU ENSTRIKSYON *INSTRUCTIONAL TECHNOLOGY* (IT)?

Gen anpil opsyon teknoloji ki disponib pou nou itilize nan tan n ap viv la. Nou gen smartphones oswa tablets epi nou itilize konpitè. Teknoloji sa yo kapab teknoloji pou enstriksyon IT lè nou itilize yo pou ede edikasyon ak aprantisaj. Yo ka konsidere teknoloji sa yo kòm “Assistive Technology” AT lè yo itilize yo pou ogmante kapasite fonksyonman yon moun ki gen andikap ki pa ka gen aksè nan kourikoulòm li si se pa sa. Tout AT sou lis nan IEP elèv la oswa nan Plan 504 li.. An konparezon, elèv ki pa gen pwoblèm pou gen aksè nan kourikoulòm yo yomenm itilize IT kòm yon resous pou aprantisaj.

SEKSYON IX: ENFÒMASYON POU KONTAKTE DOE

Nou rekòmande pou kontakte lekòl pitit ou a pou pale sou bezwen AT. Ou ka kontakte tou:

- pou lekòl leta (ki pa lekòl charter): Voyer yon kopi lèt la ba [Sipèentandan distri lekòl kote pitit ou a ye](#) pou mande yon eksplikasyon.
- pou tout lòt elèv: Voyer yon kopi lèt la ba [Prezidan CSE distri lekòl kote pitit ou a ye](#) pou mande yon eksplikasyon.

SEKSYON X: LWA FEDERAL KI GEN RAPÒ AVÈK AT

Individuals with Disabilities Education Act: <http://idea.ed.gov/>

Americans with Disabilities Act: <http://www.ada.gov/>

Seksyon 504 lwa sou reyabilitasyon an: <http://www.ed.gov/about/offices/list/ocr/504faq.html>

